

No. 168.18

DEKRÈ EGZEKITIF

**KONTINYASYON DEKLARASYON IJANS KATASTWÒF NAN SENK KATYE VIL NEW YORK YO AK KONTE DUTCHESS, NASSAU, ORANGE, PUTNAM, ROCKLAND, SUFFOLK AK WESTCHESTER KI ENKÒPORE REJYON OTORITE TRANSPÒ METWOPOLITEN AN NAN ETA NEW YORK LA**

**LÈ NOU KONSIDERE**, konfòmman ak Dekrè Egzekitif (Executive Order) No. 168 la, mwen te deklare yon katastwòf jiskaprezan nan senk katye Vil New York yo ak Konte Dutchess, Nassau, Orange, Putnam, Rockland, Suffolk ak Westchester ki enkòpore Rejyon Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) nan Eta New York akòz de ogmantasyon pàn ki toujou ap plede rive nan ray yo, siyal yo, egiyaj yo, ak lòt enfrastrikti transpò toupatou atravè sistèm lan ki gen ladan Estasyon Pennsylvania a ki sitiye nan Konte New York la, sa ki te lakoz plizyè derayman tren, gwo pàn pèsistan nan ray yo, ak entèripsyon sèvis yo nan fason konsiderab k ap enpakte sante ak sekirite anpil santèn milye pasaje;

**LÈ NOU KONSIDERE**, pàn k ap kontinye gen nan ray la yo, nan siyal yo, egiyaj yo, ak lòt enfrastrikti toupatou atravè sistèm tren ak subway MTA yo kontinye poze yon menas iminant epi yo gen yon trè gwo enpak devastatè sou sante, sekirite ak mwayen sibzistans pou pasaje, touris, rezidan Nouyòkè yo ansanm ak biznis ak komès nan Distri Transpò Pasaje Metwopoliten an (Metropolitan Commuter Transportation District, MCTD), ki se motè ekonomik rekoni Eta New York la, epi akòz de sa, pàn yo te afekte ekonomi Eta New York la nan yon fason negativ;

**LÈ NOU KONSIDERE**, pàn ak entèripsyon sèvis tren yo ki nesèsè pou yo ka reyalize Pwogram Reparasyon Amtrak la (Amtrak Repair Program), ak lòt reparasyon ki nesèsè pou repare ray yo, siyal yo, egiyaj ak lòt enfrastrikti transpò toupatou atravè sistèm tren ak subway MTA a yo kontinye rete nesèsè pou pwoteje popilasyon an, sante ak sekirite pasaje, touris, rezidan Nouyòkè yo epi sa pral rann transpò ki la deja lè gen katastwòf ijans yo pi mal akòz nan move kondisyon Penn Station lan ak sistèm tren ak subway MTA a an jeneral la ye a; epi,

**LÈ NOU KONSIDERE**, li kontinye rete nesèsè pou MTA ak afilye li yo pran mezi konsiderab imedyà pou ede repare ray yo, siyal yo, egiyaj yo ak lòt enfrastrikti transpò yo epi nan medyasyon pàn sou ray sa yo ak entèripsyon sèvis yo akòz katastwòf ijans sa a;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO**, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a, mwen bay lòd pou pwolonje eta ijans pou katastwòf yo ke mwen te deklare konfòmeman ak Dekrè Egzekitif No. 168 la epi pwolonje delè tout modalite, kondisyon, ak enstwiksyon ki nan Dekrè Egzekitif No. 168 la ak modalite, kondisyon, ak enstwiksyon pou nenpòt pwolonjman delè pou menm peryòd la soti nan dat mwen te deklare eta ijans pou katastwòf lan konfòmeman ak Dekrè Egzekitif No. 168 la rive jiska 13 Desanm 2018; a kondisyon ke sispansyon tanporè nenpòt lwa, règ, règleman oswa liy direktiv ki konfòm ak sa a ak nenpòt pwolonjman dat Dekrè Egzekitif 168 la nan fiti ta dwe aplike nan limit Prezidan MTA a oswa yon moun li deziyen, ki ta dwe enkli sèlman Prezidan oswa Direktè Jeneral MTA a, detèmine li nesèsè nan objektif pou atribisyon nenpòt kontra, antant, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò alekri ke yo ka antre ladan pou redwi eta ijans pou katastwòf sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, nan trèzyèm jou mwa

Novanm nan ane de mil dizwit.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a